August 13, 2021

Pou Paran ak/oswa Responsab,

Lejislasyon ki pase toudènyèman ekzije tout lekòl-yo obsève yon moman silans okonmansman chak jounen lekòl. Chak klas va patisipe nan yon moman silans diran premye peryòd la. Moman silans va dire yon minit; chak elèv dwe obsève moman silans, pa deranje lòt elèv epi respekte dwa patisipasyon yo. Pwofesè pa ka konseye elèv-yo sou jan pou yo itilize tan refleksyon ak moman silans. Sepandan, nou ankouraje paran/responsab pale ak pitit li sou moman silans epitou ba-li bonjan konsèy sou jan li ka itilize kòmsadwa moman an.

Lejislasyon an deklare “se tan yon sosyete mouvmante kote sèl yon ti kantite moun fè esperyans yon moman silans ak refleksyon anvan yo plonje san okenn ezitasyon nan aktivite lavi toulejou. Lejislati la kwè jenn-yo va pwofite si yo ba-yo yon moman silans nan konmansman chak jou lekòl.”

Pa jennen kontakte mwen nan nimewo 754-322-4800 si ou gen kesyon sou moman silans.

Avèk respè,

Matthew Bianchi, Principal